
ISSN 0207-6551
8
2020
6+

*Редакторым и псалъэ*

*Шыщхьэlу мазэщ августым адыгэр зэреджэр. А цlэр къызытеклауэ къалъытэр шым я щхьэр яутхыпщlырейуэ, зэрадзэу зэрыщытырщ. Мы мазэм шым гулъытэшхуэ лъагъэсырт, зеклуэ зэрежьэнум хуагъэхьэзырт бо кlыфlым щагъашхэу, пщыхьэщхьэ щlыlэтыlэм и деж зрагъэукъуэдийуэ.*

*Пасэрей адыгэм и къулеигъэт и псэущхьэхэр: зэхэзеклуэн папщlэ – шы, ирищэклуэну – бгъэ, шхыныгъуэу – мэл, гъэшыфlэу жэм иlэт, итlани… зеклуэ здишэу (зеклуэхьэ), игъэщаклуэу (щаклуэхьэ), мэл иригъэгъэхъуу (мэлыхъуэхьэ), и щхьэ къихъумэу (унэхьэ) иlэ псэущхьэ угъурлыр – **хьэр** и ныбжьэгъу нэхъыфl дыдэт!*

*Мы къыдэклыгъуэм гулъытэ яхудощl цlыхум и пщlантlэ щызэрихуэу фlыуэ илъэгъуа унагъуэ псэущхьэхэм.*



# ХЬЭМ НЫБЖЬЭГЪУ КЪЫЗЭРЫХИХАР

Мыр къыщыхъуар пасэ зэманырщ. Зы Хьэ гуэр мэзым щыпсэурт. Абы и закъуэт, зэшти, зеклуэ ежьащ. Хьэр зыхуейр зы закъуэт: зыми щымышынэ ныбжьэгъу къигъуэту и псэр пытыху хуэпэжыну арат. Клуэм-лъэуэрэ, Хьэр Тхьэклумэклыхьым хуозэри жрелэ:

–Дегъауи дызэгъэныбжьэгъу. Зыр зым ихъумэу дыпсэунщ.

–Ерэхъу.

Зыщыпсэун къагъуэтри жэщым мэгъуэлъыж. Жэщыку нэсауэ Дзыгъуэ цlыклум къигъэуша Хьэр ину банэу хуожьэ. Тхьэклумэклыхьым и псэ тlэклур lуклыу къыщолъэт зэщlэклэзызэуи, и тхьэклумэ дзаситlыр пысэсыхьу бжэ къуагъым зыкъуидзауэ мэлъаlуэ:

–Си псэр ушх, умыбанэ! Дыгъужьыжь и жьэр ущlауэ къэсынщи дызыlури-

дзэнщ! Со-о-шы-нээ!

Хьэр абы здеплъым йогупсыс: «Уэле, мы Iэпэлъэпэсысыр сэ ныбжьэгъу схуэмыхъун. Дыгъужьыр къэслъыхъуэнщи нэхъыфIщ».

ТхьэкIумэкIыхьым сэлам ирехыж, йожьэри Дыгъужьыр къегъуэт къуэ гуэрым дэту, сэлам ирех.

–Уэ еблагъэ, си къуэшыжь,– макъ итхъунщIыкIакIэ къопсалъэ Дыгъужьыр, Хьэр езым зыригъэщхьу.

–Дызэгъэныбжьэгъу, дызэдэпсэунщ.

–Уэле, содэм. Сэ закъуэныгъэм сегъэкъугъ... гъусэ сиIэмэ нэхъыфIщ.

Жэщыр хэкIуэтауэ Хьэндыркъуакъуэ куэ щхъуантIэжь цIыкIу къуэгъэнапIэм къыкъуолъ. Хьэм и тхьэкIумэм зресэ. Хьэндыркъуакъуэр абы Iуоплъэри къыхокIиикI: «Къуркъуаркъыркъу!» Абдежым Хьэр къыщолъэтри гъуэгу мыгъуэ ежьа гъуамэм ебэну хуожьэ. Дыгъужьыр къоушри Хьэм къытокIие:

–Умыбанэ, банэ зрашэкIын! Мыщэ къызэщыумэ, дыгъужьыцрэ-хьэ цыпэу дызэпкъриудынкIэ соIуэ! Абы здеплъым Хьэм и цыр мауэ: «Мыргуэрыр мэшынэ. Мыщэращ сэ ныбжьэгъу схуэхъунур». Пщэдджыжьым Дыгъужьым сэлам ирехыжри и гъуэгу тоувэж. Мыщэм и деж макIуэ:

–Мыщэжьу Iэпщацэ, бланэжьу бэлацэ, ныбжьэгъуу сыкъащтэ.

–Укъызощтэ. Къеблагъэ,– жеIэри и гъуэм ешэ. Жэщым Блэ блэпщт мыщэгъуэмкIи, Хьэм ар къилъагъури щIэгубжьащ:

–Гьэу! Гьэуу! Гьэуэуэуу!

Мыщэр къыщыпщри Хьэм къыфIэнащ:

–Хьэуэрэ хьэм яшхыжыным уи «Гьэуур» бгъэбэяуну? ЦIыхур къэсмэ, фыхэт жиIэу къыдэупщIынукъым, ди фэр трихынущ. Хьэр Мыщэ бэлацэм здеплъым игу хощI: «Мыргуэрыр къэрабгъэу къыщIокI»... Мыщэр зэрыжеижу Хьэр щхьэжагъуэу ежьэжри ЦIыхум деж кIуащ.

–Ей, цIыху, махуэр зи дуней, дунейр зи IэмыщIэ, дызэгъэныбжьэгъу.

–Хъунщ. ЦIыхум Хьэр и унэ ишэщ, тIэпIу игъашхэщ, хьэгъуэ бэлыхь хуищIщ, унэ хъумэ къулыкъум мыхъур тегъэуауэ, къупщхьэм тетхэжауэ иритри, а тIур ныбжьэгъу пэж зэхуэхъуащ. ЖэщкIэ Хьэр мэбанэ, ЦIыхум абы фIыщIэ хуещI. ЦIыхум Хьэр зекIуи щакIуи здешэ, мэл ирегъэгъэхъу, щхьэ хъумэуи и гъусэщ. Хьэр къупщхьэм йогъу.



*Зытхыжар АБРОКЪУЭ Беллэщ*



# Гарри Поттер: Мэгъу зыхэмылъ телъыджагъэ

*Ди еджакIуэ цIыкIухэ, «Гарри Поттер» феджа? ЩIэныгъэр егъэгупсысэ, критикэр егъэчэнджащэ, балигъхэр иризодауэ инджылыз тхакIуэ Джоан Роулинг и тхылъ «Гарри Поттер» и цIэрыIуагъэм. Ар бзищэм щIигъукIэ зэрадзэкIащ. «Нурым» къытхуеблэгъащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, журналист Битокъу Маринэ. Епсэлъар Аброкъуэ Беллэщ.*

**Б.: Гарри Поттер теухуа тхылъиблымрэ абы тращIыкIыжа кинофильмхэмрэ апхуэдизу цIэрыIуэ щхьэ хъуа?**

М.: Апхуэдэу щIэупщIэр балигъхэращ. Тхылъым еджэ дэтхэнэ зы сабийми къыгуроIуэж ар игу щIрихьыр, а упщIэми езым и жэуап иритыжыфынущ...

**Б.: Гарри Поттер нэгъуджэ хъурей зыIулъу мэгъу баш зыIыгъ щIалэ цIыкIущ. АркъудеймкIэ апхуэдиз сабийр къыпхудэхьэхыну? А тхылъыр цIэрыIуэ зыщIар мэгъу дунейм узэрыхишэр арауэ пIэрэ?**

М.: «Гарри Поттер» фIыуэ зылъагъухэм къывжаIэнур нэгъуэщIщ. А тхылъыр зытеухуар мэгъу башымрэ тхьэрыIуэхэмрэкъым,атIэ абы я къарум текIуэ зэныбжьэгъугъэрщ, хьэлэлагъэрщ, гу къабзагъэрщ.

**Б.: Пэжщ, Гарри, Гермиона, Рон сымэ зэныбжьэгъущ, ауэ куэдрэ къохъу а щыр щызэфIэнэ, щызэдауэ, щызэрыгъэбий.**

М.: Аракъэ гъэщIэгъуэныр! Ахэр мэгъуми къызэрыгуэкI цIыхуу къонэж. ЗэфIэмынэ, зэмыдауэ сабий щыIэ?.. ЗэфIонэ, тоужри Хогвартс щыхурагъаджэ захуагъэм хуэпэжу, фIым хуэлажьэу йожьэж...

**Б.: Ем дуней псор IэщIэкIуэдэнкIэ хъуну шынагъуэ къыщыхъум Гарри абы пэщIэувэри икIи текIуащ. Ар лIыхъужь?**

М.: Щхьэж къызэрилъытэщ. ГъэщIэгъуэныракъэ, мы тхылъым емрэ фIымрэ щызэпэщIэтми, мыбы ущрихьэлIэкъым лIыхъужьи ябги. Псори къызэрыгуэкI цIыхущ, щхьэж ифI, и Iей хэлъыжу, щыуагъи захуагъи ялэжьу. Гарри апхуэдэ дыдэщ: щыгубжь, щригъэлей, пагафэ къыщытеуэ щыIэми, абы зихъуэжкъым – ар хуэпэжщ дунейм ехыжа и адэ-анэм, и ныбжьэгъухэм, езым хэлъ фIагъым.

**Б.: Пэжу, егъэджакIуэ мэгъухэми уахозэрыхь цIыхуфIцIыху IейкIэ пхузэхэмыдзу, хэт илэжьынури ар зыпэщIэхуэ**



**Iуэхугъуэхэм елъытащи. Щапхъэфl си гугъэщ мэгъу фlыцlэхэм я пашэ Северус Снегг. Абы хэти щошынэ, хэти фlолlыкl, ауэ псоми ягу къонэ. Сэ сабий сызэпсэлъыылlахэм ар нэхъ гукъинэ ящыхъуат, фlыуэ ялъэгъуат…**

М.: Мы тхыгъэм хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр – Гарри, Рон, Гермиона зэныбжьэгъуищым къагурыIуаращ: цIыху гъащIэм хэлъ телъыджагъэр – ар зэныбжьэгъугъэмрэ лъагъуныгъэмрэщ. А тIур уимыIэмэ мэгъу ухъуфынукъым, уи тхьэлъэIухэми мэгъу башми къару яIэкъым.

**Б.: Тхылъ еджэным сабийхэр зэрыхуигъэушэр сыт и уасэ «Гарри Поттер!»**

М.: А тхылъыр къызэгуэзыхыр занщIэу къыхохутэ дуней телъыджэм. Дэтхэнэ зы сабийми абы кърет «тхылъ еджэн гурыфIыгъуэ», хьэрф фIыцIэхэр тхылъымпIэ хужьым псалъэу щызэпыувэурэ, а псалъэхэр хъыбар телъыджэу зэхыхьэурэ, ныбжьэгъугъэ нэсым и Iэфl зэхыуагъащIэурэ. Тхылъ еджэну зыфIэфIым къыгуроIуэ: нэкъыфIэщI дунейм укъыхэзыгъэхутэр компьютер экраныракъым, атIэ удихьэхыу узэджэ тхылъырщ!

### ЩАПХЪЭ

*Б.: ХъуэкIуэнхэ ди унагъуэ къыщыхъу сабиищри дихьэхыу еджащ Гарри Поттер теухуа тхылъхэм, кинофильмхэми еплъащ. Абы ягу къинахэм ящыщщ мыхэр:*

**Али:** *«Сэ Гарри Поттер и тхылъыр сыухыну сыхуейтэкъым, а дуней гъэщIэгъуэным сыщыпсэуну сехъуапсэрт. Псоми седжащ. Езы Гарри апхуэдизу сфIэфIу схужыIэнукъым. Абы псори къехъулIэу аращ, ауэ Гермиона зэрыгубзыгъэр, Рон шахматыр зэрыфIэфIыр, зэрыхьэлэлыр сфIэфIщ. Нэхъыфl дыдэу солъагъу Сириус Блэк. Абы жиIахэм щыщу сигу къинэжащ: «ЦIыху Iей щыIэкъым, щыIэр Iей куэд къызыщыщI цIыхущ. Дэтхэнэми къыхихыжыр езыр зыхуей гъуэгуращ»».*

**Фатимэ:** *«Гарри Поттер теухуам апхуэдизкIэ уиIыгъщи, етIуанэуи, ещанэуи, еплIанэуи и дунейм ухешэ, уоджэж, уоплъ. Сэ япэу абы сыщеджам илъэс 11 сыхъурт, Хогвартс къикIыу письмо къысIэрыхьэну къысщыхъут. Куэдрэ седжэжащ нэхъ сфIэфI тхылъхэм, япэу гу зылъызмытахэр згъэщIэгъуэжу, ребусым хуэзгъадэу. Си ныбжьэгъухэм яфIэфIт Гарри Поттер и хъыбархэри, сегупсысурэ иджыщ къыщызгурыIуар абы псори щIыдихьэхыр: дэтхэнэ сабийри мэгъу дунейм щопсэу, мэгъу баш иIэну мэхъуапсэ. Тхылъым ар уи фIэщ зэрищIыр пхуэмыIуэтэн хуэдизу гуфIэгъуэщ!*

*Сигу къинэжам ящыщщ Дамблдор лIа иужь Гарри жэнэтым щихутам къыжриIар: «ЛIахэркъым пфIэпсэкIуэд хъун хуейр, псэухэращ»».*

**Мадинэ:** *«Сэ Драко Малфой сигу ирихьыжащ. Ар Гарри и бийми, мэгъу фIыцIэм хурагъаджэ пэтми, абы хуэукIакъым профессор Альбус Дамблдор. Северус Снегг зи бзаджагъэр си фIэщ хъунтэкъым Гарри дэIэпыкъуну. Ауэ абы Гарри и анэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, абы и нитIымкIэ Гарри къеплъу къыщыхъуу, дэIэпыкъурт».*



# ГЪЭМАХУЭ И ЗЫ МАХУЭ






Лэкъун Лаурэ, илъэсипщ1



Тэрчокъуэ Динэ, илъэсий





Битокъу Дамирэ, илъэс 11



Лэкъун Амилинэ, илъэсибл



Лэкъун Ясминэ, илъэсий



Шы
лошадь



Жэм
корова



Хыв
буйвол

УНАГЪУЭ ПСЭУЩХЬЭХЭР





## ДИ КЪАЗ ЦIЫКIУ АБЫКIЭ НЕКIУЭКIА?

-Ди къаз цIыкIу
Абыкlэ некIуэкIа?
-КъекIуэкIащ.
-Сыт къикIэцI?
-ДжэдыкIэ.
-Хэт ирит?
-Мэлыхъуэ.
-Сыт кърит?
-Хъурыфэ.
-Хэт иригъэгъэтэдж?
-Тэджэрей.
-Хэт иригъэбз?
-Бзэрей.
-Хэт иригъэд?
-Дэрей.
-Хэт щригъэтIагъэ?
-Къан хъыджэбз.
-Дэнэ игъакIуэ?
-ХьэщIапIэ.
-Сыт кърагъэшх?
-АдакъэщIэрэ хущIэ пIастэрэ.
-Си Iыхьэр-щэ?
-Дапхъэм телъщ.
-Телъыжкъым!
-Хэт триха?
-Вындым.
-Вындыр-щэ?
-Жыгым тесщ.
-Тесыжкъым.
-Жыгыр-щэ?
-Уэщым иреупщIэ.
-Уэщыр-щэ?
-ПщIащэм и щIагъщ.
-ПщIащэр-щэ?
-Псым ехь.
-Псыр-щэ?
-Хьэм ireф.
-Хьэр-щэ?
-ЛIым дэщIыгъущ.
-ЛIыр-щэ?
-Мэкъу йоуэ.
-Мэкъур-щэ?
-Мэлхэм яшх.
-Мэлхэр-щэ?
-Дэ дошхыж!


















*Щыхьмырзэ Аринэ*

## «Уакъ!»

«Сэлэт гуп» зэкlэлъхьэужьу,
Къыхишауэ хадэм,
Бабыщ анэ командирым
Тету и командэм,

Уэшх нэужьым къина шэдым
Хешэ шыр отрядыр,
Дыщэ гъуэжьхэм я цыфэндым
Пыжу ятlэ гъуатlэр.

Бабыщ анэ «Уакъ» командэм
Къыхешыжри ятlэм,
Кlэр яудэу заутхыпщlыжыу
Хохьэж шырхэр хадэм.

## Убзэ

Жьырытэджу Кlущэ нагъуэ
Къокlри си лъэпагъым,
Ар къобзей си нэкlум жагъуэу,
Зыкъысхуигъэщlагъуэу.

«Уи пэ псыфыр къысщомыхъуэ,
Кlущэ-кlущэ нагъуэ,
«Елъи модэ кlуэж мо уи гъуэм,
Зызумыгъэлъагъууэ».

Жесlэ пэтми къызэбзейуэ
Пырхъыу зыкъысщехъуэ,
«Тыхъ, зысlаlэ! Елъэт лъейуэ,
Къысхуумыгъэлейуэ!»

Абы хэту, шэр lэщlэту
Нанэ, мис, къыщlохьэ.
Бзаджэр бзаеу йоплъ шейщlэтым,
Убзэу нанэ щохьэ.



*ПхытlыкI Юрэ*

## Сыт джэдыр щlэкъакъэр?

«Къэ-къэ-къа-а-къэ!
Къа-къэ! Къа-къэ!»–
Жиlэу джэдыр мэкъакъэ,
Сыт ар щlэкъакъэр?..
Пщlэркъэ щlэкъакъэр?

Инрэ-инышхуэу,
Хужьрэ-хужьышхуэу,
Езы дыдэм ещхьыжу
Къикlэцlащи зы къакъэ,
Зигъэщlагъуэу мэкъакъэ.

*Афlэунэ Лиуан*

## Чыцl цlыкlуитl

Ажэ-ажэгъуэмэм
Щlыр къызэпхатхъащ.
Ди бжэн тхьэкlумабгъуэм
Чыцl цlыкlуитl къилъхуащ!

Тlури зэщхыркъабзэщ,
Зыр зым къыпачащ.
Уа-рэ, къамылъху щlыкlэ
Жьакlи къатекlащ.

















*Щоджэн Леонид*

## Джэджьей цIыкIу

Щ|акъуэ хъуауэ
Гу лъыстат,–
Гу лъыста.
Джэджьей цIыкIур
Къэспхъуэтат,
Къэспхъуэта!
Къэгубжьауэ
Къыспежьа,
Къыспежьа
Джэдкъуртыжьым
Срихужьа,
Срихужьа!
ЗыфIэзгъэпщкIури
Сежьэжа,
Сежьэжа!
Джэджьей цIыкIум
СеIэза,
СеIэза!
Сэ и лъабэр
Згъэкъэбза,
Згъэкъэбза!
СутIыпщыжри
ЩIэпхъуэжа,
ЩIэпхъуэжа!
Джэдкъуртыжьри
ГуфIэжа,
ГуфIэжа!





## Хэт сыт жиIар?

–Хьэжьым
Сыт жиIар?
–Хьэу-хьэу-хьэу,
Хьэлу Iыхьэ
Къысхуэпхьа?

ХЬЭУ

–Джэдым
Сыт жиIар?
–Къа-къа-къа,
ДжэдыкIэхьэ
ФыкъэкIуа?

КЪА

НА-НА

–Джэдуужьым
–Сыт жиIар?
–На-на-на,
Сывгъэжейркъым,
Хуиту, на-а!

–Ди мамыжьым
Сыт жиIар?
–Бу-бу-бу,
Бор гъэкъабзэ.
Iус гъэхуабэ.

БУ
БУ
БУ

АтIэ,
Уэри,
Сыт жыпIэн?
–Iэщхэм жаIэр
Зызогъащlэ,
Сэ я лъэIухэр
Согъэзащlэ!





*Хьэнфэн Алим*

## ПIапIуIэфI

Шэбэщ ди жэм дахэр,
ФIэсщащ ПIапIуIэфI.
Жьэгъум сыхуотIэхъур,
Сытым хуэдэу фIэфI.

Еукъуэдийри и пщэр,
ЗыкъысхуегъэфIэж.
КъыщIокI шэ IэфIыщэ,
Псори дегъэтхъэж.

ШкIащIэ цIыкIуи иIэщ
А ди ПIапIуIэфI,
НэкIэ «си псэ» жриIэу,
ШкIащIэр зыщIегъэф.






## КЪЫХЭГЪУАТЭ КЪЭБЖ ГЪЭБАГЪУЭ






Нур № 7-м тета «Псалъэзэблэдзым» и жэуапхэр:
1.Уэздыгъэ; 3.Гуэгуэн; 4.Пхъуантэ; 7.Гъуэлъыпӏэ; 11.Арджэн; 12.Ету
2.Шэнтщхьэгуэ; 5.Жьэгу; 6. Алэрыбгъу; 8.Ӏэнэ; 9.Гъуджэ;10.Уэнжакъ; 13.Щхьэнтэ

Зыгъэхьэзырар
ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ

МЫСАЧЭ Мурат

Къыкlэлъыкlуэр. Пэщ1эдзэр «Нурым» и № 6,7 итщ

# Джэгуаклуэмрэ шейтlанымрэ

*(комикс)*












Укъысlэрыхьакъэ мис иджы, джэгуакlуэ фасикъ! Уэ емынэ шум уи зэранкlэ мылъкуу дилэр тфlэкlуэдащ! Ди щlопщхэр лэжьэжкъым!
Иджы узыхуейр къыхэх: е удоукl, е мэлым хуэдэу уфlыдогъэж, е щхьэпылъэ удощl.
Фыхуейм сыпыфлъэ, фыхуейм сыфlэвгъэж, ауэ гуэлым сыхэвмыдзэ закъуэ! Сэ псым сыщошынэ!!!
Псым ущышынэуи? Абы уедгъэтхьэлэнщи зэфlэкlащ. Ущыlаи-ущымыlаи!..



ДжэгуакIуэм къытраха бжьамийм епщэну яужь щихьэм, абы зы макъ гъумыжь къиIукIат, гъущI ятхъунщI нэхъейуи, щыри къэгубжьри зэщыхьэжащ.
Бжьамий, уэри уи макъри иредий, узыIыгъам ещхьу. Зегъэхь!!!


Мы зэм укъезгъэлыжынщ. Ауэ сакъ! ШейтIаныр лъэщщ, сэ абы куэд щIауэ сыпэщIэтщ, абы тыншу утекIуэфынукъым.


Е-е-еей!!! Сэ шыпхъу схуэхъуа Псыхъуэгуащэ сыкъригъэлащ. Иджыри зэ фыкъэуджынкIэ сыт фи лIыгъэ?!
Ямылъагъуэжын ДжэгуакIуэ! Дэнэ укъикIыжа? Дэ псым уедгъэтхьэлат.


ГущIэгъу къытхуэщI, кхъыIэ! Дыкъев-гъэ-э-эл!!!
Бжьамийм къиIукIт гур зыгъэлъатэу лъэр зыгъэудж къафэ псынщIэ. Мы хьэрэмыжьхэр къафэурэ зэгуэудыну къыщIэкIынт я ныбжьэгъур къэмысамэ.


Сэ фыздызошэ дуней фIыцIэм.
Зэ укъысIэрыхьэжынкъэ уи бжьамийр умыIыгъыу!..
Укъэзгъэфэну ухуэмеймэ зыгъэкIуэд! Мы дунейм уэ уишх щыIэжкъым.

# «Мисс Россия интернет 2020» зэпеуэм щытекIуа Уэрэзбий Суандэ фыдогъэцIыху



ЦIыху 6202-м я Интернет IэIэтыр Уэрэзбий Суандэ хухахри ди адыгэ пщащэ цIыкIум къыхуагъэфэщащ «Мисс Россия интернет - 2020» щIыхьыцIэр. Я ныбжькIэ зэхуэмыдэу цIыху минитI зыхэта зэхьэзэхуэм щытекIуахэр мыгувэу Мэзкуу щагъэлъэпIэнущ. Суандэ ирагъэблэгъащ «Русская красавица 2020» зэпеуэм, и сурэтхэмрэ теухуа тхыгъэрэ къытрадзэнущ «World Beauty» журнал цIэрыIуэм.

Суандэ Нэртан дэт еджапIэ-интернат №5-м «тху» защIэкIэ щоджэ, инджылызыбзэм, шахматым, уэрэд жыIэным, лъэпкъ къафэхэм дахьэх, фортепиано йоуэ, сурэт ещI, модель еджапIэм и зэфIэкI щыхегъахъуэ. Мызэ-мытIэу республикэпсо, урысейпсо зэпеуэхэм ар пашэ щыхъуащ.

Уэрэзбий Суандэ хуэдэхэрщ къэкIуэнур зейр, къызыхэкIар зыгъэгушхуэр. Зи псы къэжэгъуэ пщащэ цIыкIум дыхуохъуапсэ дэкIуеипIэ куэд къызэринэкIыну, гъащIэм щехъулIэну!

ТЕКIУЖЬ Заретэ








ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»

Издается с 1 января 1982 года

№ 8 2020 г.

Учредитель:

Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерная вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Корректор
**Ф. КАШИРГОВА**

Редакционный совет:
**Х. КАРМОКОВ**
**Е. ТХ АМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Журнал зарегистрирован в управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01.2018 г.

Подписано к печати 05.08.2020 г.
Выход в свет 25.08. 2020 г.
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7
Тираж 1487 экз.
Заказ № 1613
Индекс П 5896
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.